ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№57 (23.715) ● 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Б. М. и фэеплъыр хъумэн мурадкІэ, «Тхыдэ мыхьэнэ зиІэ къэхъукъащІэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ екъулІэныгъэ инхэр, фІыщІэ хэхахэр щызиІэ цІыхухэм я фэеплъыр мыкІуэдыжу хъумэным и Іуэхум и Іэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №94-РЗ-м, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къащтам, и 7-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм тету **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Бэчмырзэ Машэ и къуэм и фэеплъыр Налшык къалэм ПащІэ Б. М. и цІэр зэрихьэу иІэ уэрамым щыгъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщІэным пыщІа къызэгъэпэщыныгъэ Іуэхухэмрэ абы текІуэдэну ахъшэмрэ къызэригъэпэщыну.

3. Мы Указыр зэрагъэзащІэм кІэлыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи и къуэдз Кърдэн М. Н.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м
№49-УГ

Балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Мечиев К. Б. и фэеплъыр хъумэн мурадкІэ, «Тхыдэ мыхьэнэ зиІэ къэхъукъащІэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ екъулІэныгъэ инхэр, фІыщІэ хэхахэр щызиІэ цІыхухэм я фэеплъыр мыкІуэдыжу хъумэным и Іуэхум и Іэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №94-РЗ-м, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къащтам, и 7-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм тету **унафэ сощІ**:

1. Балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Мечиев Кязим Беккий и къуэм и фэеплъыр 1944 - 1957 гъэхэм екІуэкІа политикэ репрессием ихьахэм я Мемориалым, Къуэныкъуей Н. ТІ. и цІэр зэрихьэу Налшык къалэм иІэ уэрамым тетым, деж щыгъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщІэным пыщІа къызэгъэпэщыныгъэ Іуэхухэмрэ абы текІуэдэну ахъшэмрэ къызэригъэпэщыну.

3. Мы Указыр зэрагъэзащІэм кІэлыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз Кърдэн М. Н.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м
№51-УГ

● КЪБР-м и Правительствэм

Сабий зеиншэхэр нэхъапэщ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм республикэ унафэщІхэр Іуэхугъуэ 27-м щыхэплъащ.

АХЭР ТЕУХУАТ узынщагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ зэрызыщІагъэкъуэну Іэмалхэм, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэр зэрырагъэфІэкІуэнум, нэгъуэщІхэми.

КЪБР-м щыымрэ мылъкымрэ я Іуэхухэмкіэ и министр **Уэщхъун Тимур** тепсэлъыхьащ «Зы категориемкІэ щыщ щы Іыхьэр нэгъуэщІым тещІыхьауэ убзыхуным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Правительствэм къыхилъхьэ унафэ зыбжанэм я проектхэм. Министрым зэрыжиІамкіэ, ахэр ягъэхьэзыращ Бахьсэн, Прохладнэ щыналъэхэм я щыпІэ администрацэхэм зыкъызэрыхуагъэзам тету. Зеикъуэ къуажэм хуэзэ щы Іыхьэ метр зэбгъуэзнатІэ мини 162-рэ 576-м вулкан яжьэ къыщыщІахьну я мурадщ. «Геологэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм ялкъ иткІэ, Прохладнэ районым метр зэбгъуэзнатІэ мини 3-м наблагъэм къриубыдэу ухуэныгъэм къыщыбгъэсэбэп хъуну пшахъуэ къыщыщІагъэщащ. Абы къыхэкІыу промышленностым тещІыхьа щы Іыхьэр нэгъуэщІ категорием щыщ щынэр ди проектым къыщыдгъэлъэгъуащ», - жиІащ Уэщхъун Тимур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ программэр гъэзэщІэным мы гъэм сом мелуани 102-рэ зэрытрагъэкІуэдэнум теухуа унафэм и проектым арэзы техъуащ республикэ унафэщІхэр. КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** жиІащ а программэм Іуэхущ Іа Іэ 34-рэ зэрыхьыхьэр.

КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Бещтокъуэ Жыр-Аслъэн** тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым къыхэкІыу екъурал Іуэхущ Іа Іуэтхэм уиІэ къащхьэ пащІэ зэ ират ахъшэр зэрагъэбелджылым и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрествэмрэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ къэрал-хабзэ управленэмрэ а законопроектым щыщІэныгъэ зыбжанэ зэрыхэлъыр къагъэлъэгъуащ икІи абыхэм япхъ иткІэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ. Псом хуэмыдэу ахэр зытеухуар къэрал Іуэхущ Іа щылажьэхэм ират субсидиер зыхуэдизынурщ.

Мусуков Алий а Іуэхум къыщытеуВыІэм къыхигъэщащ унэ хуэныкъуэ къэрал лэжьакІуэхэм ахъшэ хухахьным и пэ къихуэу, республикэм щыпсэу сабий зеиншэхэр псори псэупІэкІэ къызэрагъэпэщынымрэ нэхъ къезэгъыу къызэрилъытэр. «Сыт хуэдэ Іэмалкіи мы законопроектыр ягъэлэжьэну иужьрей зэманым куэд хущІокъу. Уеблэмэ зонькъуэкъу, хабзэм къемызэгъыу язныкъуэхэм суд Іуэхущ Іа Іэхэм зыхуагъазэ а субсидиер зыІэрагъэхьэн мурадкІэ. Сыхуейт ямэ игъэщІапхъэ Іуэхухэм гулъытэ нэхъ хуэфащІыну. Сабий зеиншэ псоми унэ еттмэ, къэрал лэжьакІуэхэм я Іуэхум иужь дихьэ хъунущ», - жиІащ Мусуковым.

ЗэІущІэм къыщащтащ зи узынщагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ «Доступная среда» къэрал программэм хъыбэу ягъэзэщІэн хуей Іуэхухэр. Ныкъуэдыкъуэхэр Іуэхущ Іа Іэхэм щыхьэфу, транспортыр тыншу къахуэгъэсэбэпу хъуным 2018 гъэм трагъэкІуэдэнущ сом зы мелуанрэ мин 410-рэ.

Республикэ унафэщІхэр арэзы техъуащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм зи узынщагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ къызэрагъэпэщ «Абилимпикс» зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр егъэкІуэкІыным теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмым.

КЪБР-м и Правительствэмрэ «Зэчийм рэ ехъулІэныгъэмрэ» егъэджэныгъэ фондымрэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэр траухущ Іа Іэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэм зэрызрагъэужьыным, Сабий творческэмкІэ «Дыгъэпс къалэ» академием епхауэ щІэныгъэм, ГуыазджэМ, спортым зэфІэкІ къыщызыгъэлъагъуэ ныбжьыщІэхэм защІэгъэкъуэныкІэ щІыналъэ центр къызэрыщызэІуахыным.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и сату щІыпІэхэр къызэрызэрагъэпэщым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым тепсэлъыхьащ КЪБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр **Гуэбэшы Залымджэрий**. Абы жиІащ Лэскэн, Май, Аруан, Шэрэдж районхэм зыкъызэрыхуагъазам тету, мэкъумэшхэкІ ерыскъыпхъэхэр щащэну щІыпІэхэр зэраубыхуар. Псэкэн районым ар хуэзэнущ «Кавказ» федеральнэ гъэзугъ и километр 493-нэмрэ 478-нэмрэ. Май районым - «Май - Прохладнэ» гъэзугъ пэгъунэгъу Сарское жылэм. Шэрэдж щІыналъэм сату щІыпІэр къыщыізэрагъэпэщынущ «Кавказ» федеральнэ гъэзугъ и километр 38-нэм (Старэ Шэрэдж къуажэм пэгъунэгъуу).

Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щІэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщагъэужьыным зэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м спортымкІэ и министрыр и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Хэжь Заур**. Абы жиІащ 2018 гъэм и кІэ пщІондэ ЗэШэжьм районым футбол губгъуэ щаухуэну зэрамурадыр. Абы текІуэдэнущ сом мелуани 10,8-рэ. Ахъшэр республикэ бюджетым быхьагъэкІынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Хьэщхъуэжь Роман Александр и къуэр Налшык судыщІэ районым и суд участкэ №14-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм якъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Хьэщхъуэжь Роман Александр и къуэр Налшык судыщІэ районым и суд участкэ №14-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъым илъэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм хэгъуэт екъыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м
№853-П-П

Шатиловэ Иринэ Василий и пхъур Налшык судыщІэ районым и суд участкэ №12-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъым гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм якъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Шатиловэ Иринэ Василий и пхъур Налшык судыщІэ районым и суд участкэ №12-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и къулыкъым илъэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм хэгъуэт екъыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м
№854-П-П

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэм ятеухуа отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям тету 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэм ятеухуа отчётым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыхилъхьам, едэІуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэм ятеухуа отчётыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м
№855-П-П

КІУЭКІУЭ Юрий и хъуэхъу

КъБР-м и Іэтащхьэм и хъуэхъу телеграммэм итщ: «Нобэ и юбилейщ щэнхабзэм и лэжьакІуэ цІэрыІуэ, дуней псом фІыуэ къыщацІыху, Урысейм и Къэрал сауГъэтыр зрата, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ сурэтыщІ Шемякин Михаил. Абы и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Іэщ Іагъэлі щыпкъэм сурэт щІын гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ, и скульптурэ Іэдакъэщ Іэкі Іэм къыхощ зэманым и хьэл-щэнымрэ и шыфэлІыфэмрэ. Си гум къыбгъэдэкІыу сынохъуэхъу! ФІы къохъулІэну зи гуапэ **КІУЭКІУЭ Юрий**».

● КЪБР-м и Парламентым

Къэрал мылъкур уней щІахуэмыщІыр

КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм депутатхэр щедаІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум щыщу 2017 гъэм уней ящІам теухуауэ КЪБР-м щІымрэ мылъкымрэ я Іуэхуэмкіэ и министр Уэщхъун Тимур жиІам. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ.

УЭЩХЪУНЫМ и псалъэм къызэрыкІуэщамкІэ, 2017 гъэм къэрал мылъкуу уней ящІым къыпэкІуэн хуеящ сом мелуан 230-рэ. Ильэсым кърибыдэу уней ящІащ Іуэхущ Іа пІи 4, щы Іыхьэу 1, транспорт 11. Абыхэм яхэтщ «Къэббалъкъ Вольфрам» АО-м и акцэхэм щыщ зы пакет. Псори зэхэту къэрал мылъкуу уней ящІам республикэ бюджетым къыхуихьащ сом мелуан 48-рэ. Ар зытращІыхьам и процент 20,8-рэ хъууэ аращ. ЯгъэзэщІар апхуэдизу щІэмащІэм и щхьэусыгъуэм депутатхэр щыщІэупщІэм, Уэщхъун Тимур жиІащ Іуэхущ Іа пІи сомиз щІэупщІэ зэрамыІар.

КЪБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** щІыхуэхэм зыкъызэрыхуагъэзам къыхэкІыу къиІэтащ Налшык къалэм и Газовэ уэрам №5-м тет общежитым щІэсхэм я гугъуехьхэр зыхуэдэр. Унэр зэгъэпэщыжьын хуейщ, ауэ ар республикэм и мылъкум хохьэри, а къалэныр зи пщэ дэзылъхьэжьнур зэкъагъэкІыпхъэщ. Депутатыр щІэупщІащ зи гугъу ящІ Іуэхур къалэм и щІыпІэ администрацэм и пщэ иралъхьэнрэ нэгъуэщІым иратынрэ. Уэщхъун Тимур депутатыр къигъэгугъащ Іуэхум хэлпъэу зэман гъунэгъум ар зэхагъэкІыну.

ЗэІущІэм щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2017 гъэм зэрагъэзэщІам теухуауэ» хабзэм и проектым. Абы къызэрыщыгъэльагъэмкІэ, республикэм и хэхъуэр нэгъабэ сом мелард 25-рэ мелуани 174,6-рэ хъуащ (зытра щІыхьам и процент 87,1-рэ). КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** депутатхэр щыгъуазэ зэрищІамкІэ, КЪБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и щІынальэ фондым и бюджетыр 2017 гъэм игъэзэщІащ сом мин 78128,7-кІэ.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ федеральнэ закон зыбжанэм щыхэплъащ, депутатхэм КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьылъэ зыхуэфэщэнухэр ягъэбелджылащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іа пІэ.

● Налшык

Зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщ

Налшык къалэ администрацэм щекІуэкІащ щІыуэпсыр хъумэным теухуа зэІущІэ.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм и унафэщІ Ахъуэжьу Таймураз яІущІащ дыкъэзыуХуреихь дунейр хъумэным елэжь ІэщІагъэлІхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ ди щІыхьэрым къыщыкІ жыгхэр къраупщІыкІын хуей щІэхъу щхьэусыгъуэзэкІмрэ Налшыкыпсым и Іуфэхэм нобэ яІэ щытыкІэмрэ. Куэдыр зэрыщІэуазэщи, мы ІуэхугъуитІми ятеухуауэ къалэдэсхэм тхьэусыхафэ куэд къабгъэдокІ: сату щІапІэ, шхапІэ мыин къызэІузыхэхэм Іэгъуэблагъэм къыщыкІ жыгхэмрэ щхъуантІагъэхэмрэ щхьэзыфІэфІу ирах.

Абыхэм я пІэкІэ щІэх дыдэ къилъэлъыж мывэ плиткэхэр иралъхь, къэкІыгъэ гурыІуэгъуейхэр щагъэтІыс, машинэ Іуэныгъэ зыщІхэми ярохьэлІэ. ЗэІущІэм апхуэдэу и гугъу щащІащ къалэ уэрамхэр пхъэнкІийрэ кІэрыхубжьэрыхуэхэмкІэ зысейкэми. Ахъуэхъум къызэрыхигъэщащмкІэ, къалэ кІуэщІыр зыгъэдахэ, хьэуар зыгъэкъабзэ жыгхэр, Іэмалыншагъэм къищынэмыщІа, хъумэн хуейщ. Налшык и щІыуэпсымрэ и теплъэмрэ хъумэным теухуауэ къэпсэлъахэр зэгурыІуащ къалэ администрацэм щІыуэпсыр хъумэнымкІэ дэлэжьэну Жылагъуэ совет къызэрагъэпэщыну.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Накъыгъэм и 9-м Налшык къалэм щекІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхыхьэхэр

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къызщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 73-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ 2018 гъэм Налшык къалэм щрагъэкІуэкІынущ махуэшхуэ дауэдапщэхэр.

НАЛШЫК къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и нэІэм щІэту **накъыгъэм и 9-м сыхьэти 9-м** удз Іэгъэкъэр трапльхэнущ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къалэр яхъумэу хэкІуэдахэм я фэеплъым, **сыхьэти 10-м** апхуэдэ дыдэ Іуэху екІуэкІынущ «ЩІыхьым и мыужьыхьыж мафІэ» фэеплъым дежи.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цІэр зезыхьэ утыкум **сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 11 пщІондэ** щагъэльэгъуащ «ТекІуэныгъэ Иным и уэрэдхэр» макъамэ-усыгъэ композицэр.

Сыхьэт 11-м абдеж къыщежьнурэ Зэгурыіуэныгъэ утыкум нэс Лениным и цІэр зезыхьэ уэрамым тету къурикІуэнущ «Полк къуэтыншэм» хэтхэр. Ар зэрыкІуэнум я нэІэ трагъэтынущ КЪБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядалэжьэныкІэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм, КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм, КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм.

Сыхьэт 12-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 13 пщІондэ ЗэгурыІуэныгъэм и утыкум щекІуэкІынущ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым къызэрагъэпэща «ЩІхьащэ яхуэтщІынщ а илъэс гугъухэм» театр гъэлъэгъуэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я «ТекІуэныгъэм и вальс» акцэмрэ.

Сыхьэт 13-м щІидзэнурэ республикэ щыгъэжапІэм щууей-спорт махуэшхуэ щекІуэкІынущ, КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэщащэ.

«Восток» кинотеатрым и гупэм деж иІэ утыкум **сыхьэт 14-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 15 пщІондэ** щекІуэкІынущ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранэм я хорым и «Ветеранхэр ІэщІ жьы хъурхъым» концертыр. Ар къызэрагъэпэщынущ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэмрэ.

Сыхьэт 15-м Къэбэрдей уэрамым щыщІидзэнущ «Налшык зауэ щІыхьым и къалэщ» махуэшхуэ дауэдапщэхэм. Ахэр иригъэкІуэкІынущ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм.

Сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 30-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 21-рэ хъуухкІэ Абхъазым и утыкум КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм щигъэлъэгъуэнущ «28 панфиловцев» фильмыр.

Сыхьэт 21-м Абхъазым и утыкум махуэшхуэ хъэрэкІытІэхэр щыдрагъэлъэтеинущ.

● Хъуэхъу

Лъэпкъхэр зэзышалІэ

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, ЩІДАА-м и щІэныгъэлІ-секретарь, УФ-м и ТхакІуэхэм Журналистхэми я союзхэм хэт. Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэ медаль, Урысейм и литературэ сауГъэт иныр, щыгъуэ, щІыхь тхьылъэр зыхуагъэфэща Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 75-рэ ирокъу.

ЛЪЭПКЪ литературэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфІэхэр хуэзэщІ, зи кьалэмыпэм усэ, тхыгъэ купщІафІэхэр къыщІэкІа, къуэкІыпІэ усыгъэм зэман жьжьэхэм нэхъ ехьэжьауэ къиГъэсэбэпу щыта рубаир къэгъэщІэрэщІэжьымкІэ илъэс зыбгъупщІ хъуауэ елэжь, абы ехъулІэныгъэ пыухыкІахэри къыщыізыхьа Тхьэзэплъ Хьэсэн республикэм и композиторхэми ядолажьэ. Абы и усэхэм макъамэхэр хуатхауэ уэрэджьыкІуэ цІэрыІуэхэм яГъэзащІэ. А псом къыдэкІуэу къэралым и нэгъуэщІ республикэхэм, щІынальэхэм я тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэр къытырегъадэ, абыкІэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр я тхыгъэкІэ зэкъуэт ищІу, зэришалІэу.

Си кьалэмыр жан, гу къабзэрэ псэ къабзэрэ зиІэ, республикэр зэрыгушхуэ нэхъыжьыфІым, цІыху гуапэм дохъуэхъу екъулІэныгъэ инхэр дяпэкІи иІну, и къаур мыкІуэщІыну, узынщагъэрэ насыпрэ и куэдыну!

КЪБР-м и ТхакІуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я лэжьакІуэхэр.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

● Гу зылъытапхъэ

Пщ Іэ зыхуэтщІ ди щІэджьыкІакІуэхэ!

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ «Урысейм и пощт» федеральнэ Іуэхущ Іа пІэм и къудамэм - КЪБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм - иригъэкІуэкІ 2018 гъэм и еТІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэныр.

Республикэм ди анэдэлхубзэкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм - «Адыгэ псалъэм» - Іэ щытевдзэ хъунущ КЪБР-м и пощт Іуэхущ Іа пІэхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр нэхъ кьафщтэмэ, пощтхэм къыщыватыжынущ.

«Адыгэ псалъэр» унэм ныфхуахьынумэ, и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кІэпейкІэ 48-рэ мэхъу, ар пощтым къыщыеІыфхьыжьынумэ - сом 511-рэ кІэпейкІэ 44-рэ хуоз.

Ди индексыр 51531

● Узыншагъэ

Іэмэпсымэщ Іэхэр къагъэсэбэп

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Кардиологие центрым мастер-класс щитащ Клиникэ кардиологиемкІэ институтым, Мясниковым и цІэр зезыхьэм, и унафэщІ Меркулов Евгений.

АБЫ хэтащ республикэм и Кардиоцентрым рентгенэндоваскуляр Іэмалхэр къагъэсэбэпкІэрэ узхэр къыщахутэ икІи щагъэхъуж и къудамэм и унафэщІ Борыкъуей Ислъам. Лъынтхуэ узыфэхэм еІэзэ хирургхэм фІагъ лъагэ зиІэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ операцэ хьэлъэу пІлы ящІащ.

КЪР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Хъубий Марат яхуэзащ Меркулов Евгениймрэ Кардиоцентрым и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Нодаррэ икІи ІэмалыщІэр зыхуэдэм, адэкІэ зэрызэдэлажьэнум теухуауэ зэпсэльащ. Москва къикІа Іэщ1агъэлым жиІащ операцэ нэхъ гугъу дыдэхэр щыныМкІэ, гум и лъэнтхуэхэм я щытыкІэм кІэлъыплъынымкІэ Іэмэпсымэщ1эм Іэмал хъарзынэхэр къаззрыритыр. Меркуловым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэну зэрыфІэфІыр икІи ди дохутырхэм и гуапэу зэрадалажьэр.

Щэрдан Нодар тепсэлъыхьащ Клиникэ кардиологиемкІэ институтым куэд щІауэ зэрадалажьэм икІи жиІащ Клиникэ кардиологиемкІэ институтым илъэс кэдгІэ и унафэщІу щыта Чазов Евгений Налшык дэт Кардиоцентрым и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытар.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Щэбэт щІыхьэху

Налшык зыгъэпсэхупІэхэр ягъэкъабзэ

Долинск и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэ 19-м иджыблагъэ щылэжьащ цІыху 1500-рэ. Техникэ зэмылІэужьыгъуэу 28-рэ, пхъэр пызых бригади 10 я гъусэу абыхэм Іурагъэщащ «КамАЗ» автомашинэ блыщІым щІигъум ярыз пхъэнкІий.

«КУРОРТХЭР зэгъусэу къэдгъэщІэрэщІэжьинщІ» республикэпсо щІыхьэху зэхэтащ мэлыжьыхьым и 21-м, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ. Ар хуэгъэпсат гъатхэ-гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэщІэм зыхуэгъэхьэзырыным.

КЪР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм жылагъуэмрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхуащ1апІэхэм ядэлажьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ Погребняк Ольгэ хъыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІам кІэлъыплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий. «Лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ, адэкІэ къэнэжьыр абы къарикІуар хъумэныращ», - къыхигъэщащ Правительствэм и УнафэщІым икІи Іуэхур къезыхьэжьахэмрэ абы хэтахэмрэ фІыщІэ яхуищІащ.

Налшык и курортхэр апхуэдэу къабзэу зэщІакъуакъым блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм лъандэрэ. «Налшык» псы къыщІэжьпІэм щыщІэдзауэ «Нарзанхэм я ауз» санаторэм нэсыху, Вовчок, Балъкъэрым, Ковтуненкэ я цІэхэр зезыхьэ, Теплосерная уэрамхэр, Сочэ дыхьэпІэр, Псей щхъуантІэхэр дэкІыпІэр къыззІиубыдэу, илъэс куэд щІауэ зэтрихьа пхъэнкІийм къыІэщІагъэкІащ, мэз-парк Іыхьэм къыщыкІ жыгхэмрэ къуацэхэмрэ яухъумэщІащ, гъуэхэр къраупщІыкІащ.

ЩІыхьэхум хэта псомэ - министерствэхэм, ведомствэхэм, организацэхэм, кьалэм и Іуэхущ1апІэхэм, санаторэ-курорт комплексым и ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм, волонтёрхэм, хьэрычэтыщІэхэм, цІыху къызэрыгуэкІхэм - жыдэрэгъ ин къагъэлъэгъуащ.

«Нобэрей ди кьалэныр дгъэззащІащ - Іуэхуфі длэжьащ, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэр дгъэхъэбзащ. Иджы абы тэмэму дыкІэлъыплъынымкІэ», - щІыхьэхум къырикІуахэм щытепсэлъыхьым жиІащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щ0джэнщІыкІу Мурат. Абы фІыщІэ яхуищІащ жэрдэмыр къыдэзыІыгъахэмрэ Іуэхум хэтахэмрэ.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Псапэ

Гулъытэ хуэныкъуэхэр

Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цІыхухэм я Урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм псапэ зыпылъ Іуэху иregъэкІуэкІ, зи къарум къимыкьхэм, сымаджэхэм зыщІагъэкъуэн мурадкІэ.

КЪАПЩТЭМЭ, абыхэм я дежкІэ зымащІэри куэд и уасэщ. Сыту жыпІэмэ, ныкъуэдыкъуэхэм яхэтщ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэр, Іыхьлы, благъэ дэІэпыкъуэгъу зимыІэхэр. Мэлыжьыхьым и кум щыщІэдзауэ накъыгъэм и 14-м нэсыху едгъэкІуэкІыну мы Іуэхум псапэ зыщІэну хуейхэр къыхьхьэну ди гуапэщ. Зы унагъуи щыІэу къыщІэкІынкъым езыхэр зыхуэмеижь щыгъын имыльу. Ди гуапэт апхуэдэхэмкІэ ди сымаджэхэм факъыхуэупсамэ.

Ди хэщІапІэр: Байсултановым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №9, 43-нэ пэш. Телефоныр: 8-962-651-34-30.

ХЬЭТУ Астемыр, *уэчыл.*

● «Си бзэ - си псэ, си дуней»

«Къэхъугъэм и нэхъ дахащэ»

«Си бзэ - си псэ, си дуней» хэгъэгупсо зэпеуэм и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэр Хьэтуей къуажэм дэт, Дол Хьэсэнбий и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм щекІуэкІащ.

ЗЭПЕУЭМ зыкъраГъэхьэлІащ Лэскэн щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Хьэ-щІэлІ Жаннэ, Лэскэн щІыналъэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и Советым и унафэщІ Хьэтіэжь Заудин, Лэскэн щІыналъэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и Советым Хьэтуей къуажэм и ІыкІуэу хэт Мэремкъул Умарбий, Хьэтуей къуажэм и унафэщІ Дзыхьмыщ1 Андзор, Лэскэн щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущ1апІэм еджэныгъэм и къызэгъэпэщ1кІэм кІэлъыплъ и къудамэм и унафэщІ Атэлыкъ Альмирэ, зэхьэзэхуэр щекІуэкІ еджапІэм и унафэщІ Гупсешэ Залинэ, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр.

Лъэпкъ дамыгъэхэмрэ унагъуэцІэхэмрэ зытет бэракъэр яІыгъуу еджапІэ дыхьэпІэм деж еджакІуэхэр хьэщІэхэм щалуащІащ. Школым и пІуащІэ пэшым щыфІэдзат лъэпкъым къыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэм я сурэтхэр. Зы плІанэпэм щызэхуэхьэсат Хьэтуей къуажэм дэса нэхъыжьыфІхэм я хьэпшыпхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ. Жылэм и блэкІар Іупщ1у уи нэгу къыщІэзыгъэувэж мы хьэгъуэфІыгъуэм екьэлІауэ къуажэ унафэщІым жиІам къэпщІакІуэхэр щыгуфІыкІащ - Хьэтуей администрацэр зыщІэс унэри, Щэнхабзэмкі Іэ унэри, еджапІэри щызэхэт щІыпІэм къуажэ музейм и унэри щащІыну гуращэ зэриІэр.

«Дахагъэр зэкІужщи, зэкІужьи фащэщ» - арат зэреджэр адыгэ фащэм екьэлІауэ Цэлий Радимэрэ Бэвыкъуэ Маринэрэ яГъэхьэзырра гъэлъэгъуэныгъэм. Іуэхупхьэ папщІэу ныжьыщІэхэм зэпадзыжу усэ Іэрамэ кьеджащ, уэрэдхэри жаІащ. ЕджакІуэхэм купщІафІэу, узыІэпащэу кьурихьэлІахэм я пащхьэ ираль-хьащ цІыхухъу фащэми цІыхубэ фащэми я пкъыгъуэхэр, абы и щхэхэр.

Гъэщ1агъуэнт 7-нэ классым щеджэ Зэчэун Марат игъэхьэзыра «Гъащ1э гъуэгуанэ» гъэлъэгъуэныгъэр. Мыбдеж щызэхуэхьэсат дыщэпс тригъэлъэдэжурэ ятІапІэр пІащ1эу щихуэжурэ пенопластым къыхиущІыкІахэр. Къыхэгъэщ1пхъэщ Марат и Іэпщ1эльапщ1агъым зезыгъэужь и гъэсакІуэ Тэрчокъуэ Заурбий фІыщІэшхуэ зэрыфІъэдэлъыр. Уагъэмрэ щагъэмрэ ятеухуауэ гъэлъэгъуэныгъэри телъыдыжат. 6-нэ классым щеджэ Къанло Алинэ уагъэр зэрызэІуищ1ым укІэлъыплъыну гухэхъуэт. Нэхъыщхьэращи, а Іэщ1агъэ дахэр псэунущ, иджырей гъащІэми зыщІижьынущ. «ЗэІуэсэм псэ хелъхьэ», жыхуаІам хуэдэщ 9-нэ классым щеджэ Серчэ Рэмэзан пхъэм трищІыхь сурэтхэр. КъэпщІакІуэхэм щІэщ1гъуэ ящыхъуащ «Къэхъугъэм и нэхъ дахащэ» - дызытет дунейм и теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр къэзыгъэлъагъуэ сурэт пІанэпэри.

11-нэ классым щекІуэкІа дерс зэІуэкІар къыззэыгъэпэщ1ар адыгэбзэмрэ литературэмкІэ езыгъаджэ Бищ1о Мафурэщ. Классым щызэпкърахар Журт Биберд и «Мэрэмэжьей» тхыгъэм щыщ пычыгъэщ. КъэпщІакІуэхэм къызэральытамкІэ, къэралым кьигъэув урок тыкІэ хабзэм и щапхъэу Бищ1ом и дерсыр къэлъытапхъщ. Абы нэмыщІ, Мафурэ 7-нэ классым щригъэкІуэкІащ мастер-класс. Ар теухуат Нало Заур и «Цыху напэ» балладэм. Мыбдеж егъэджакІуэм къыщецхъуІащ захуагъэр зищІысым еджакІуэхэр иригъэгупсысын икІи «напэ», «къабзэ» псалъэхэм мыхьэнэуэ яІэнкІэ хъунумрэ ар бэзм къызэрыщыкІуэну щІыкІэхэмрэ сабийхэм къаригъэхутащ.

Журт Биберд и «Адэ лъапсэжь» тхыгъэм теухуат адыгэбзэмрэ литературэмкІэ езыгъаджэ Къанло Аминэ 5-нэ классым щригъэкІуэкІа мастер-классыр. Джэгукіэ Іэмалыр хилъхьэри, «Хуейми жрыраІэ...» телешэнэтын цІэрыІуэм и жыпхъэм иту, гъэщІэгъуэну дерсыр иригъэкІуэкІащ Къанлом.

Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ абы и унафэщІ Гъукіакъуэ Мадинэ.

Методикэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм арэзы утехьэу хъуну кьалъытащ. ЕгъэджакІуэхэми еджакІуэхэми жыджэру зыкъыщагъэлъагъуэ школ, район, республикэ зэхьэзэхуэхэм икІи абыхэм мызэ-мытІэу къыщыкъжаныкІащ. ЕгъэджакІуэхэр зыщІалажьэ пэшхэм нэрылъагъу Іэмэпсымэхэмрэ тхылъхэмкІэ зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ, апхуэдэуи я щІэныгъэм хагъахъуэ зэпытщ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэм и къудамэм и унафэщІ, къэпщІакІуэ гупым я пашэ Табыщ Мурат жиІащ егъэджакІуэхэми егъэджакІуэхэми лэжьыгъэ купщІафІэ къызэрырахьэлІар, фІыр, дахагъэр я гъуазэу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ зэрызэфІахар. Адыгэм зи гуащІэрэ зи гъащІэрэ езыта цІыху щІэрыІуэ куэд къызыдэкІа, лъабжьэжь зиІэ Хьэтуей жылэжьым и цІыху цІэрыІуэхэм яхуэфащэ щІэблэ узынщэ яхащІэхъуэну угугъэ зэрыхъунри и псалъэхэм къыхигъэщащ Табыщым.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Іуащхьэмахуэ щІынатІэ

Хэку зауэшхуэм хэтахэр ягъэлъапІэ

Хэку зауэшхуэм хэта нэхъыжьыфІхэм я щІыхькІэ псапащІэ концерт накъыгъэм и 2-м щатащ Кулиев Къайсын и цІэр зэриихьэу Тырныауз дэт щэнхабзэ уардэунэм.

ХАБЗЭ хъуауэ, апхуэдэ дауэдапщэхэр а щІыналъэм илъэс къэс щрагъэкІуэкІ. Концертым къыхэкІа ахъшэмкІэ ветеранхэм саугъэтхэр яхуащэхунущ. Абы и къызэгъэпэщакІуэхэу Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и администрацэм щІалэгъуэхэм политикэмкІэ и Іуащ1эм и хуащІащ зэкъыщІэзыгъэкъуахэм, псом хуэмыдэу я Іуэхур сыт щыгъуи къадэзыІыгъ артистхэм.

ТАРИМ Алисэ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 5, *щІэбэт*

♦Нык1ъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэм щІэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦Япониемрэ Корее Ипщэмрэ щагъэлъапІэ Сабийхэм я махуэр

♦Белоруссием Печатым и махуэр щагъэлъапІэ

♦Австрием щрагъэкІуэкІ залымыгъэмрэ расизмэмрэ япэщІэтыным и махуэм хуэгъэпса Іуэхуэр

♦Къыргъызым и Конституцэм и махуэщ

♦1836 гъэм Европэм щыяпэ дыдэу Бельгием гъущІ гъуэгу щаутІыпщащ.

♦1912 гъэм «Правда» газетым и апэ номерыр къыдэкІащ.

♦1945 гъэм нэмыцІэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм я бийуэ Прагэ зыкъыщІэтащ Іэщэкіэ зэщІэуэзда цІыхухэм.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Даниемрэ Нидерландхэмрэ хуит къащІыжащ.

♦1949 гъэм Лондон Іэ щытрадзащ Европэм и Советым и уставым.

♦Адыгей усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Пэрэныкъуэ Мурат** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Ленин гъуэгу» («Адыгэ псалъэ») газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкІэ щыта **Апажэ Назир** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Іэбубэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Апыш Абрэдж** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ дохутыр **Бахьсэн Хьэмэдэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Нэхущ Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Хоккеист цІыхуэу щыта, Олимп Джэгуэхэм щэнейрэ я чемпион, дунейм пщІэнейрэ и чемпион **Рагулин Александр** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Адыгейм и цІыхубэ сурэтыщІ **ПэтІуащІэ Феликс** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Лъыс Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къалмыкъ Кларэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артисткэ **Хьэмыку Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Мысоет Вадим** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 6, *тхьэмахуэ*

♦Москва и гербымрэ и ныпымрэ я махуэщ. «Москва кьалэм и махуэшхуэхэр» законым ипкъ иткІэ ягъэуваща 2004 гъэм.

♦1715 гъэм Урысейм къыщащтащ къэралым и япэ дзэ-уголовнэ кодексыр.

♦1889 гъэм Париж ухуэн щаухащ Эйфель чэщанэр.

♦1906 гъэм Николай ЕтІуанэ пащтыхьым Іэ тридзащ Урысей империм и Къэрал хабзэ нэхъыщхьэхэм.

♦1939 гъэм Налшык шыгъэжапІэ къыщыпсэІуахащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Бреслау быдапІэр (иджы - Польшэм хьыхэ Вроцлав кьалэрщ) нэмыщІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1985 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьищтащ Мурманскрэ Смоленскрэ («Кьалэ-лІыхъужь» цІэр яфІэщыным теухуауэ.

♦1994 гъэм Ла-Манш псы дэжьпІэм щащІа тоннелыр къызэІуахащ. ЕтІоІащІанэ лІэщІыгъуэм и ухуэныгъэ нэхъ телъыдыжэ дыдэхэм ящыщу кьалъытэ а гъуэгум Франджымрэ Инджылызымрэ зэпищІащ.

♦Адыгэ тхыдэдж, узэщІакІуэ **Долэт-Джэрий Сулътан** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Гастелло Николай** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Актёр, егъэджакІуэ цІэрыІуэ, Хэку зауэшхуэм хэта, СССР-м и цІыхубэ артист, Тэрч къалэ щІыхь зиІэ и цІыху **Этуш Владимир** и ныбжьыр илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Актёр щІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист, Польшэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Белявский Александр** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, социологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **Мхъыцэ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІу лэжьа **Шурдым Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 7, *блыщхьэ*

♦Радиом, связым и ІэнатІэ псоми я лэжьакІуэхэм я махуэщ. Ар щагъэлъапІэ Урысейм, Армением, Белоруссием.

♦Урысей Федерацэм Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Къаруэр къыщыззрагъэпэща махуэщ. 1992 гъэм УФ-м и Президентым Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и министерствэмрэ Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Къаруэхэмрэ къыщыззгъэпэщ1ыным теухуауэ.

♦Къэзахстаным щагъэлъапІэ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр

♦1755 гъэм зэхэтащ Ломоносов М. В. и цІэр зезыхьэ Москва къэрал университетыр къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр.

♦1780 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм Санкт-Петербург тыгъэ хуищІащ къалэм и гербыр.

♦1895 гъэм урыс инженер Попов Александр япэ радиоприемник къигупсысащ.

♦1927 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и япэ нэтынкъэ щІидзащ.

♦1934 гъэм РСФСР-м иІэ хъуащ щІыналъэщІэ - Еврей автономнэ областыр.

♦1985 гъэм СССР-м и Министрэм я Советым унафэ кьищтащ фадафэхэм, фадэ Іэрыщ1 щІэзыгъэжхэм ебэныным теухуауэ.

♦1985 гъэм Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщ1эр къыхуагъэфэщащ.

♦1990 гъэм КъБР-м и Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр къыззрагъэпэщащ.

♦Урыс композитор, дирижёр, зи Іэдакъэщ1экІэр цІыхухэм нобэми яфІэтельыджэ **Чайковский Пётр** къызэралъхурэ илъэси 178-рэ ирокъу.

♦Индием щыщ тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, Нобель и сауГъэтыр зыхуагъэфэща **Тагор Рабиндранат** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Заболоцкий Николай** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІыхь зиІэ и агроном **Чэгъэду Владимир** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и куэдзэ **ДыщэкІ Соня** къыщалъхуа махуэщ.

♦Сурэтыщ1 **Пщыхьэщ1э Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуэш егъу нэхърэ - ныбжьэгъуфІ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «ІэфІыпс» - 1:1

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, дыгъуасэ Налшык щызэхэта зэІущІэр апхуэдэу иухащ. Ди щІалэхэм ящыщу топыр дигъэкІащ Шаваев Магомет.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМРЭ» «ІэфІыпсымрэ» зэрызэдэджэгуамрэ зи чэзу зэІущІэхэм яужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэрал, парт, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Къущхьэ КIыщыкъуэ

95



ЗэфIэкI лъагэ

КЪУЩХЬЭ Сэхьид щIэблэ игъуэтыным хуэпабгъэу иIъэси 10-кIэ псэуат. Абы иужькIэ къалъхуа сабиитIри щIэх дыдэу лIэжат. Ещанэм щыпэплъэм, апхуэдэ гуэвэгъуэ иджыри къалъэмыIэсын папщIэ, адыгэхэм я фIэщ хъуэ, сэбэп къахуэхъуу щыIэ нэщэнэхэр зрагъэщIащ. Абыхэм я зыужъыным ипкъ иткIэ, сабий къалъхуагъэщIэр занщIэу КIыщым я хъуэ, гъущI гъэпIэр зэрагъэупщIыу псымкIэ ягъэпскIыу, «КIыщ» хэту цIэ фIащын хуейт. Алыхьым къарита щIалэ цIыкIум апхуэдэ хабзэхэр кIэлъыIэрахьэри, КIыщыкъуэ фIащащ.

ЩIалэр, Тхьэм узэрелъэIун жыхуаIэм хуэдэу, жану, нэжэгужэу, гурыхуэу, жыIэдаIуэу къэхъуащ. Ар дунейм къытехьат 1923 гъэм накъыгъэм и 1-м. Абы иужькIэ къалъхуащ Гъумар, Замилэ, нэхъыщIэ дыдэу Мухьэжид сымэ.

Хуэхъуейтэкъым Сэхьид и бынунэр, ауэ унагъэшхуэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, щхьэж хуэзэфIэкIыр ищIэу, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэту къэгъуэгурыкIуащ. Адэ-анэм бынхэм ткIийуэ хуагъэувыват адыгэ хабзэм тету: нэхъыжьхэм, цIыхубзхэм, сабийхэм гупыятэ, пщIэ хуащIу, езыхэр зэрыIыгъыу, нэмыс яхэлъу псэуну. Сэхьид лэжьыгъэр фIыуэ ильагъурт, бзэ Iэфl Iурылът, псалъэрейтэкъым, жиар сыт щыгъуи игъэзэщIэжырт. Абы фIыуэ ильагъурт икIи гукIэ ищIэрт цIыху губзыгъэхэм я псалъэ Iущхэр - псом хэмыдэу Къзэанокъуэ Жэбагыы, Нэгумэ Шорэ сымэ къытхуагъэна псалъэжьхэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам, 20 - 30 гъэхэм псэуныгъэр нэхъ гугъуу щыщытам, Къущхьэхэ я гъунэгъухэм гу лъатэрт, адэм унагъуэ Iэхэухэр сабийхэм ящхьэщихьурэ, еджэным нэхъ егугъуным зэрыхуищIим.

Абыхэм кIэщIу жэуап яритауэ щытащ Сэхьид: «Зэманым псори кьиГъэлъэгъуэнщ». ИкIи мыгувэу ар наIуэ къэхъуащ. КIыщыкъуэ еджапIэм щIэтIысхьа нэужь, еджэным и гур хуабжьу етат, егъэджакIуэм жиIэр псынщIэу кьипхъуатэрт. Абы кьыхэкIкIэ, егъэджакIуэхэм я советым и унафэкIэ, зы илъэсым 1-нэ, 2-нэ классхэр кьрагъэухауэ щытащ.

Ялэ дыдэу къуажэ школыр къэзыуха цIыху 11-м ящыщащ КIыщыкъуэ. Абы «5» защIэкIэ еджэныр кьызэрихьэлIам щыхьэт текъуэ дэфтэрым щытхъу тхьилъ и гъусэу щратыжат. А зэманым дыщэ медаль яту щытакъым. Зеикъуэ школыр къэзыухахэм я аттестатхэр щыIэрагъэхьэж гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр - къуажэмэ, районми щагъэлъэпIэну траухуауэ щытащ 1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 21-м. Пшыхьыр дахэ дыдэу зэфIэкIат. Ауэ а жэщым и пщэдджыжьым гум имыхужьи нэщхьеягъуэшхуэр къэхъуащ - нэмыцхэр ди къэралым кьытеуащ. Школыр къэзыухагъащIэ КIыщыкъуэ, тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу, зауэм ираджащ. Краснодар дэт дзэ училищым мазихкIэ щеджэри, зенитIауэ взводым и батареем и командиру щытащ.

Зауэ нэужьым КIыщыкъуэ кьыхуагъэфэщащ Дзэ академием щIагъэтIысхьэну, ауэ, адэ-анэм я лъэIукIэ, абы къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм. Iуащхьэмахуэ райкомым и кьудамэм и унафэщIу, секретару лэжьащ. Къэбэрдей Къэрал педагогикэ институтыр, Бгъырыс мэкъумэш институтыр кьиухащ. 1950 гъэм и ныбжьыр илъэс 27-м иту КIыщыкъуэ Тэрч райкомым и япэ секретару хахащ. ЗэфIэкI хъарзынэ зэриIэм гу лъатэри, обкомым и мэкъумэш кьудамэм и унафэщIу мыгувэу Налшык кьашэжащ.

Зэман дэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и секретару, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIу хахащ. КъБР-м и Правительствэм КIыщыкъуэ щылэжьащ илъэс 21-кIэ. Абы щыщу илъэс 15-кIэ Правительствэм и Унафэщ (1969 - 1984 гъгъ.), щэнейрэ КПСС-м и съездхэм я делегату щытащ. КъБАССР-м, РСФСР-м, СССР-м я депутату илъэс 30-кIэ щытащ.

НыбжькIэ нэхъыжьхэм ящIэж а илъэсхэр республикэм и зыужьныгъэшхуэ зэманэу зэрыщытар: экономикэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъуэмыным, щэнхабзэм, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным я лъэныкъуэкIэ ипэкIэ кIуатэрт. А псоми илъэс 40-м щIигъукIэ псэемыблэжу хэлэжьыхьащ КIыщыкъуэ, IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм пэрыту. ИкIи цIыхубзм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ Iэхэгъуэ куэд гъащIэм хилъащ.

Къущхьэ КIыщыкъуэ зыцIыхуу щыта куэдым я гум къинэжащ цIыху хьэлэлу, гуапэу, нэмысифIэу, гущIэгъу хэлъу, фIы зэрилэжьыным хущIэкъуу зэрыщытар.

ХЕЙКУАРДЭ Мусэбий.

Зыми емыщхь

ХЭКУ зауэшхуэр иуха нэужь, къэзыгъэзожа, абы къыщихьа дамыгъэ куэдым зи бгъэр ягъэдахэ офицер щIалэ екIу, 1950 гъэм коммунист партым и Тэрч райкомым и япэ секретару ягъэкIуэ Къущхьэ КIыщыкъуэ районым и цIыхухэр кьыбгъэдэуваш, фIыкIэ кьыщыгугъыу.

Сэ илъэс 14 сыхьуауэ арат, ди унэм и гъунэгъу фэтэрым КIыщыкъуэ и щхьэгъусэ Сэкинат, ипхъуэху Людэрэ Светэрэ, и анэшхуэ Къэрал сымэ и гъусэу кьыщыIэпхъуэм. Илъэс дэкIри Татьяни къьхэхуащ.

Абы щыгъуэ дэ КIыщыкъуэ щытлъагъур ящIэнкIэ, ятIонэрэ щIыпIэм зэрыщытар. Ар и «Виллис»-мкIэ пщэдджыжьым жьыуэ дэкIыр, пщыхьэщхьэм къыщыкIуэжыр хэкIуэтауэт. Ар икIи гурыIуэгъуэт. Зауэм зэхикъутахэр псынщIэу зэфIэгъэзувэжын, республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ районым зегъэужьын хуейт.

Зэман кIэщIым къриубыдэу КIыщыкъуэ а IэнатIэм зыкъыщигъэлъэгъуащ ятэ игъэщын хуей къалэнхэр гъэзэщIэным щыхухэр хуэзыщигъэлъэгъуу, лэжьыгъэр фIыуэ ильагъуу, цIыхухэм я гум къишхыдыкIыу, и щхьэми и унафэм щIэтхэми яхуэткIийуэ. Апхуэдэ Iэху бгъэдыхьэкIэм щIыналъэм и социально-экономикэ гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зригъэхъуэжырт.

Тэрч районым зэрыщыIэрэ илъэситI хъуауэ, КIыщыкъуэ ираджэжри, партым и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ икIи партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хагъэхьащ. Хэт игу къэкIынт а зэманым а цIыху хьэлэмэтым сэ гъунэгъу сыхуэхъуну?! КIыщыкъуэ лэжьыгъэкIэ япэу сыхуэзащ 1962 гъэм. Абы щыгъуэ сэ, Iэщlагъэлl ныбжьыщIэм, згъэунэхурт комбайнхэр, США-м зэрыщащIым хуэдэу, хьэщэпэщэр, нартыхур Iухьыжьым къыщыгъэсэбэпа зэрыхъунур. Абы щыгъуаэз зыхуащIыну Совет Армэм и цIэкIэ щыIэ колхозым къэкIуащ Правительствэм и унафэщI Ахъуэхъу Аслъэнбийрэ партым и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и секретарь Къущхьэ КIыщыкъуэрэ. Абыхэм ящIыгъут «Мэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Левченкэ, нэгъуэщIхэри.

КIыщыкъуэ имыщIэ псоми щыгъуаз зэ зыхуищIу и хьэлти, езгъэкIуэкI гъэунэхуныгъэр зригъащIэри, комбайным и зэхэлъыкIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэр хилъхьауэ щытащ.

ИужькIэ, си насып кърихьэкIри, абы сыдэлэжьащ, япэщIыкIэ «Мэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэм сриунафэщIу, итIанэ илъэси 8-кIэ езым, республикэм и Правительствэм и Iэтащхьэм, срикъуэдзэу.

КIыщыкъуэ куэдым къащхьэщыкIырт ищI мурадым и Iэр зэрытригъахуэмкIэ, Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIымкIэ, лэжьыгъэм зэрытемызашэмкIэ, къыззэрыгуэкIыу зэрыщытымкIэ, лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщIымкIэ, ныбжьэгъугъэр зэригъэпэжымкIэ. А хьэлыфIхэр езыр къэзыухъуреихьэм зэрызахриГъэлъхьэным дапщэщи иужь итт. Ар цIыхубэм яныщIат, абыхэм къыхалъхьэ жэрдэмыфIхэр гуапэу ядиIыгъырт. Сэ КIыщыкъуэ зэман кIыхькIэ сызэрыдэлэжьам хуитныгъэ къызет 1950 - 1980 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым игуэта зыужьныгъэшхуэм куэд зэрыхихцIыхьар жысIэну.

Абыхэм дыщIызгъуну сыхуейщ республикэм и тхыдэм лъэужьыфI кьыкъэзына КIыщыкъуэ и къэушхуэу Гъумар, республикэм и электроэнергетикэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Мухьэжид, инми цIыкIуми яхуэгуапэ я шыпхъу Замилэ зэрысцIыхуар. Ахэр къыщыхъуа унагъуэм адыгэ хабзэр, нэмысыр дапщэщи щытепщэти, Сэхьид и бынхэр къэхъуащ хьэлэлу, гъэсауэ, республикэм, цIыхубэм щхьэкIэ ямыщIэн щымыIэу.

МАМХЭГЪ Михаил.

Налшык щохьэщIэ къыргъыз тхакIуэ цIэрыIуэ Айтматов Чингиз. *1977 гъэ*

РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием хэтщ. *Москва, Кремль, 1980 гъэ*

● Пшыхьхэр

ЛIым и гуащIэр и пщIэщ

Иджыблагъэ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щекIуэкIащ тхакIуэ, артист, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къардэнгъущ Зырамыку илъэси 100 зэрырикъуам и щыхькIэ кьыхэрагъэпэща дунейпсо щIэныгъэ конференцыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, ди гъунэгъу республикэхэмки къикIа щIэныгъэрылажьэхэр щызэхуэса зэIущIэр кьыщызэIуихым, институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт жиIащ Къардэнгъущым зэрыщытар. Абы щыгъуэ зэрыхуэлэжьар икIи лъэпкъыр зэрыгушхуэ лIы щэджащэу зэрыщытыр.

ДЭТХЭНЭ зызыужь жылагъуэми лъабжьэ хуэхъур лъэпкъ хабзэхэр арауэ зэрыщытыр кьыхагъэщащ зэIущIэм кьыщыпсэльэхэм. Абы кьыхэкIыуи кьэралым и къэлэн нэхъыщхьэхэм ящыщу кьалъытащ глобализацэкIэ дызэджэ Iуэхугъуэр щытепщэ зэманым лъэпкъ хабзэхэр хъумэным нэхъ тегъэныныхьауэ яужь итыныр. Мы Iуэхугъэм теухуауэ Къардэнгъущым и творчествэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьалъытащ зэIущIэм кьыщыпсэльэхэм. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин игу кьигъэкIыжащ Зырамыку щапхъэ яхуэхъуу, зэлэжьэгъуэ щыщыта зэманр, а лIы щаджащэм и щIэиныр хъумэн папщIэ лэжьыпхъэхэм тепсэльыхьащ. Апхуэдэу министрым кьыхигъэщащ Къардэнгъущ Зырамыку къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуар дызэрыт илъэсыр иухыу ди республикэм зэрыщагъэлъэпIэнур.

Хэку зауэшхуэм хэта, ди лъэпкъ IуэрыIуатэр еш имыщIэу зэхуэзыхьэсыжа Къэрдэнгъущ Зырамыку теухуа псалъэ гуапэ куэд жаIащ КъБР-м и ТхакIуэхэмI я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Беппаев МутIэлиб, Абхъазым щIэныгъэхэмкIэ и академием и президент Джапуа Зураб, щIэныгъэлIхэу БакIуу Хъанджэрий, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Гъут Iэдэм сымэ.

«ЛIым сыт и пщIэ», - щыжаIэм, - «ЛIым хуэзфIэкI и пщIэщ», - къажриат Къзэанокъуэ Жэбагъы. Жэбагъы жиIам тепщIыхьмэ, Къардэнгъущым лIищ я пщIэ къыIуэс: ди литературэм зылI и увыпIэ щIеубыд, илэжьам мыхьэнэуэ иIэр къэплъытьмэ; уэрэд гъэIунымкIэ щIэныгъэ щIыналъэ; зэрэд гъэIунымкIэ щIэныгъэ Iэнатlэр зыпэрытами лIы зэхъуэпсэн щилэжьащ. Мис а лъэныкъуэ псомкIи ягу кьагъэкIыжащ Зырамыку конференцым хэтахэм.

- КъардэнгъущI Зырамыку зыхуэдэу щытар зы псалъэкIэ кьыпхуэIуэтэнукъым. Адыгэхэм архитектурэ бзылъхъ илъэс щитI-щищкIэ уэзгэбжькIыжмэ къызэранэкIауэ щыткъым. ЛIэщIыгъуэрыбжьу IукIэ зэрахьэм фIэкIа диIэкъым. Абы щыщу и нэхъ дахапIэу, уримыукIытэжу утыку уэзрихьэну диIэхэм ящыщщ адыгэ уэрэдыжьхэр. Адыгэбзэ кьызыгурыIуэхэми кьызыгурымыIуэхэми я дежкIэ а уэрэдыжьхэр искусствэм и купщIэу, ар пхущIэмыхъумэн Iузкъгъуэу диIэщ. Зырамыку и фIыгъэкIэ ахэр лъэпкъыми дунейпсо щIыкъубэми яхуэхъума хъуащ. Зырамыку хуэдэ закъуэтIакъуэхэм я лIыгъэщ ар, я Iэзагъэщ, я псэемыблэж лэжьыгъэщ. А зым фIэкIа Зырамыку зыри имылэжьами, абы и цIэр тхыдэм фIыкIэ кьыхэнэн хуейт. А уэрэдыжьхэр абы зэригъэзащIэу щытам и гугъу пщIымэ, Хэкум и макъымрэ Зырамыку и макъымрэ зыуэ кьащыхьуу дэнэкIэ щыIэ адыгэри йодаIуэ, - жиIащ Гъут Iэдэм.

Псори зыхэта зэIущIэм и ужькIэ, конференцым щыпищащ секцэ щхьэхуэхэм. Абыхэм щытепсэльыхьащ Къардэнгъущым адыгэ лексикографием хуища хэлъхьэныгъэхэм, Зырамыку итхыжа адыгэ таурыхъхэм, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэпыщIэныгъэм, драматургиемрэ театрымрэ, нэгъуэщI куэдми.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Куэшмэн Щэмел и къуэ Мэжид

Щхьэлыкъуэ куэажэм дэсхэм я нэхъыжь дыдэу щыта Куэшмэн Мэжид Щэмел и къуэр дунейм ехьжащ. Накъыгъэм и 2-м къуажэдэсхэр зэхьыхьащ илъэси 105-рэ къэзыгъэщIа, зауэм хэтахэм ящыщу а къуажэм кьыдэнэжа нэхъыжьыфIым и нэщхьеягъуэкIэ.

Куэшмэн Мэжид 1913 гъэм мазаем и 2-м къалъхуащ. Куэшмэным и къеклуэкIыкIар ещхьщу зи сабиигъуэр - Октябрь революцэмрэ граждан зауэмрэ, зи къэжэпхъыгъуэмрэ щIалэгъуэмрэ - лэжьакIуэбэмрэ мэкъумэшышщIэхэмрэ я къэралыгъуэр щауха лъэхъэнэхэм хиубыдахэм я гъащIэм. Абы и нэгу щIэкIащ икIи жыджэру хэтащ кьыщалъхуа къуажэмрэ къэралымрэ блэкIа лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм кьыщыщIэдзауэ ди зэманым къасьху щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэ псоми.

1930 гъэхэм мэкъумэш Iэнатlэм коллективизацэр кьыщыщыхьалъхьам зи щIалэгъуэ Мэжид колхозым хьахьащ икIи 1973 гъэм пенсэм кIуэхукIэ абы щылэжьащ. Пэжщ, тIэунейрэ кьыпэрыкIын хуэт хъуащ ар и Iэнатlэм: япэр - 1935 - 1937 гъэхэщ, Зэ Плъыжьым къулыкъу щыщищIащ; етIуанэр - 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м кьыщыщIэдзауэ 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м ТекIуэныгъэр кьахьыхукIэщ, Хэкур фашист зэрыпхъуакIуэхэм Iэщэ иIыгъыу щащихьымарщ.

ТекIуэныгъэ Иным Куэшмэн Мэжид хуища хэлъхьэныгъэшхуэм и дамыгъэщ Хэку зауэ орденым и II, I нагъыщхэр, «И хахуагъэм папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр, апхуэдэуи Жуковым и щIыкIэ ягъэува медалыр, кьимыдэкIэ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 25-рэ, 30, 40, 50, 60 щрикъуэм ирихьэлIэу кьыдагъэкIа юбилейнэ медалхэр кьыхуагъэфэщащ. Куэшмэным апхуэдэуи иIэщ СССР-м, Урысейм Iэщэкlэ Зэщlэуэздэ я Къарухэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50, 60, 70 щрикъуэм кьыдагъэкIа медалхэри. ЩIыхь пылъу абы и бгъэм хэлъащ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэта» дамыгъэр.

Зауэм лIыхъужьыгъэ хэлъу хэта Куэшмэн Мэжид лэжьыгъэми хахуэу пэрытащ. Фронтым кьызэрикIыжу ар сытым щыгъуи щIыху хьихьэкри, пэрыуэжащ и Iэнатlэм. Зауэм и пэ кьихуэу зэрыщытам хуэдэу, хадэхэкIгъэкI бригадэм и учётчикыу лэжьащ. ИужькIэ ар ягъэуващ нартыхугъэкI бригадэм и унафэщIу икIи щIыхуэр лэжьыгъэм хуэзащIигъэуIуэу, колхозым и щIыхьыр щIыналъэми республикэми щIэту, ар нэхъыфIхэм хабжэныкIэ хуэзфIэкI кьимыгъанэу и Iэнатlэр ирихьэкIащ. Мэжид Щэмел и къуэр пенсэм тIысыжащ 1973 гъэм.

И ныбжьым ёмылъытауэ, ар сытым щыгъуи щIыху жану, гурыхуэу щытащ. И къуэхэмрэ ипхъуэхэмрэ, и къуэрылъху-пхъурылъхуэм кьаухъуреихьу, пщIэрэ щIыхьрэ кьыхуащIу, я лъагъуныгъэ щымыщIэу, и жьыщхьэр махуэ хущIу псэущ Куэшмэн Мэжид.

ЦIыху щыпкъэм, лэжьакIуэфIу щытам и фэеплъ нэхур и къуажэгъуэхэм я гум сыт щыгъуи ильынщ.

Щэджэм муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и совет, Щэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэ.

Матяш Афанасий и къуэ Алексей

И ныбжьыр илъэс 94-рэ хъууэ накъыгъэм и 1-м дунейм ехьжащ Хэку зауэшхуэм хэта Матяш Алексей Афанасий и къуэр. Зауэшхуэм хэтахэм ящыщу а зырат Дзэлыкъуэ щIыналъэм исыжыр. Хэку зауэшхуэм кьыщахьа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 73-рэ зэзэгъырикъуэр яГъэлъэпIэным тхьэмахуэ иIэжу дунейм ехьжащ нэхъыжьыфIыр.

Алексей Афанасий и къуэр 1924 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьалъхуащ. 1943 гъэм, илъэс 19 фIэкIа мыхъуауэ, фронтым кIуащ. Лъэсыдзэхэм кьулыкъу щиIащ. Украинэм, апхуэдэуи Польшэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ. ТекIуэныгъэм и махуэм Берлин щыIущIащ.

1945 гъэм Матяш Светловодскэ къуажэм къигъэзэжащ. Лениным и цIэр зезыхьэ колхозым Iэщыхьуэу илъэс хуэдэу куэдкIэ щылэжьащ. И щхьэгъусэ Нинэрэ я ныбжь зэдаIуэтащ, ягъэсащ. И иужьрей махуэр къасьху Алексей Афанасий и къуэр цIыху жыджэру щытащ. «Лэжьакlуэшхуэ, цIыху зэщIэхуэ, жэуаплынигъэр кууэ зыхэзыщIэ, унагъуэкIэ фIы» - апхуэдэущ Матяш Алексей и къуажэгъуэхэм я гум къызэринар.

ГъэныжьыкьыфIыр дунейм зэрехьжар гущIыхьэ тщыхьуауэ абы и Iыхьлэхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэ.

Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ къызэгъэпэщакIуэ

АБЫ ТЕУХУАУЭ тхьилъ птхы къъунущ. Хэку зауэшхуэм и гъуэгуэкIэм 1941 гъэм теувэри, ар ихуэу ТекIуэныгъэр кьызэрытхьамкIэ хьэрэкIыпIэкIэ дзэлъэпIэм 1945 гъэ пщIондэ, иракIуащ лIыгъэ кьигъэльагъуэу, бийм хэщIыныгъэ ириту.

1952 гъэм щыщIэдзауэ дунейм ехьжыху, абырэ сэрэ зы мэкъумэшышщIэ гупым дыхэту декIуэкIащ. Ар адрейхэм кьащхьэщыкIырт зэщIэкъуэуэ зэрыщытымкIэ, зэрыщIыхь пэжыжьмкIэ, и щIэныгъэм хигъэхъуэным зэрыхущIэкъумкIэ, зэрыгуапэмкIэ, зэрырыщымкIэ.

Зауэ нэужь илъэсхэм апхуэдэ лэжьакIуэхэм хуэныкъуэт республикэри, ар хуэфащуэ и къулыкъкIэ драгъэкIуэтейуэрэ КПСС-м и обкомым и секретарым, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщым нэсащ. А къалэн мытыншхэр игъэзащIэу зэрылажьэ зэманым щыщу илъэсипщIым КIыщыкъуэ и япэ къуэдзэу сыщытащ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ къызэгъэпэщакIуэ Мэлбахъуэ Тимборэ и унафэм щIэту а илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабжьу зиIэтащ. Псом хуэмыдэу мэкъумэш хозяйствэм зыужьныгъэшхуэ иIэт. Абы и щыхьэту къэбгъэльэгъуэну ирикъунщ илъэс 22-м кьриубыдэу Урысейм нартыху гъэкIынымкIэ щызэIэпах бэракъыр тIэу фIэкIа ди республикэм зэрыIэщIэмыкIар.

Ауэ КIыщыкъуэ дежкIэ дгъэзэжьнщи, зэрыщытар къэдгъэльэгъуэнщ. Ар захуэу, ерыщу дунейм зэрытетам и щапхъэ къэсхьыну сыхуейщ. Мэкъумэш хозяйствэмкIэ республикэм и актив екIуэкIырт. Президиумым КПСС-м и обкомым и бюром хэтхэр, Тэрчкъуэ Къамболэт, сэ дисц. Доклад зыщI КIыщыкъуэ республикэм и ехъулIэныгъэхэм топсэльыхь, итIанэ ди дежкIэ и щхьэр къегъаззри жеIэ: «Республикэм лэжьапщIэу ахъшэ щытыным хэкIуэныкIэ щIэн хуейр и пIэм йоуджыхь, икIи абыкIэ кьуанщэр ди генералхэу Тэрчокъуэ Къамболэт, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Евтушенкэ Николай сымэ зэрыт плакатхэр) икIи абыхэм я хозяйствэхэр ахъшэ тыным хуагъэкIуэху, а Iуэхур япэкIэ кIуэтэнукъым».

Ди дежкIэ ар зыкъыдэзыгъэщIэж псы щIыIэ фальэт. Апхуэдэт КIыщыкъуэ. Къежьэнкхэм! иIэтэкъым, ерыщт икIи гуапэт. ИкIи ар зыгъэпIейтея а Iуэхур ди хозяйствэхэм, зэрыщыту республикэм, псынщIэу щызэфIэкIащ.

Цыхухэм я фIэщ хъурт, фIыуэ ягьаГъурт КIыщыкъуэ. Абы зыкъыфIагъэщIыжакъым орден куэдым, лIыхъужьыгъэм, лэжьыгъэшхуэм къапэкIуа медалхэм. Къупкъыу лъагэхэмрэ щIыпIэ лъапIэхэмрэ яткIуэ зауэлIт ар.

ЕВТУШЕНКЭ Николай, *Хэку зауэшхуэм хэта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь.*

● Гушыіэхэр

Умыгузавэ, нанэ

Даринэ цыкІу пщэдджыжьышхэ ищІыну Іэнэм пэрытІысхьащ.

Анэшхуэр сабийм йоупщІ:

- ЗыптхьэщІа, си хьыджэбз цыкІу?

- Хьэуэ, нанэ.

- Апхуэдэу хъурэ-тІэ?! Зумытхьэщімэ, шейтІанхэр къыйбдэшхэнущ, - жеІэ анэшхуэм.

- Умыгузавэ, нанэ, ахэр къэсхукІэ сэ шхэн сухынущ.

Тхьэкіумэр Іуэхукъым

Даринэ цыкІу и адэ къуэшым я деж хьэщІапІэ кІуауэ щыІэт. Унагъуэм я хъыджэбзым и щхьэцхэлъхьэр Даринэ ешы и щхэ хъурыфэм хигъэзагъэри, зигъэкІэрахъуэу тэлайкІэ гъуджэм иплъащ. И теплъэмкІэ зыхуэарэзыжу, унэм къыщІокІащ, и адэ къуэшым зыхуигъэщІэгъуэну.

- Идар, къаплъэт, сыдахэхъэ? - зыхуигъэзащ абы адэ къуэшым.

- Удахэхъым-тІэ, уи тхьэкІумитІыр мэпІий, - дэгушыІэжащ мыдрейр хъыджэбз цыкІум.

- Сыдахэщ-тІэ, сыдахэщ, тхьэкІумэр Іуэхукъым, - пидзыжащ абы Даринэ цыкІу.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Хьэщіэ бзаджэ

Хъыбар

Гъуэгурыкіуэ гуэр, пшапэр зэхэуати, зы пщІантІэ гуэрым дыхьащ:

- Мы унэм нэху сыкъыщекІынщ, - жери.

Пщэфіапіэм фыз къыщІэкІри, къыІуащІащ.

- Фи унэ ныжэбэ сивгъэлъэн? - жиІащ гъуэгурыкІуэм.

- Езыр дэскъым, мэз кІуащи, и къэсыжьигъуэ хъуащ, унэм ихьи, пэплъэ, - къыжриІащ фызым. - АпщІондэху сэ сыфхуэпщэфІэнщ.

Лъыр унэм ихьэри, тІысащ. Бысымыр къэсыжащ.

- ХьэщІэ диИи! - жиІащ бысымым. - Ауэ тІум я зыращ унэм дилъ хъунур.

- АтІэ сэ силъынщ, - жиІащ хьэщІэм.

Хьэщіэм зэрыфІэмыкІынур къыгурыІуащ бысымым. Къыгурыіуэри, ебзэджэкІын мурад ищІащ.

- Абы щыгъуэ, - жиІащ бысымым, - дыкъызэдэпкІэнри, нэхъ жьыжьэ пкІэр унэм къынэнщ.

- Хьунщ, - жиІащ хьэщІэм. - Уэ убысымщи, япэ пкІэ.

ЖьантІэм дзуэвэри, бысымыр пкІащ - бжэщхьэІум нэсакъым. Хьэщіэр пкІэри, бжэщхьэІум фІэкІащ.

- Унэр уэ къыплъысащ, - жиІащ бысымым. - Дышхэнщи, угъуэпъыжьынщ.

Хьэщіэмрэ бысымырэ пщэфіапіэм кІуащ. Фызым Іэнэ къахуигъэуващ.

Іэнэм бгъэдэтІысхьа щхьэкІэ, бысымыр шхащ. Абы зэ-тІэу ердзакъэри, тІысжащ:

- Мыхъумышхэ сыхъуащи, шхэн сыщІкІуэркъым нобэ, - жери.

- Сэ сыгъуэгурыкІуэщ, сымэжэлІащ, - жиІащ хьэщІэм, ікІи фызым къахуигъэува Іэнэр иухъуэнщІащ, бысымым и гурыІупсыр къажэгъэ.

Хьэщіэр шхэри, унэмкІэ игъэзэжащ.

- Мэз нэщІ щІэта жьхуаІэращ, шхын щхьэкІэ соплэ, зыгъэр тхуэпщэфІ, - жриІащ бысымым унэгъащэм.

- Си хьэзырыр Іэнэм нытеслъхьэри нэзгъэуват, хьэщІэм щхьэ удэмышхар? - игъэщІэгъуащ фызым. - Зэ-тІэу ухэІэбэри, щыбгъэтыжащ.

- Теурэзыр къыхукІуэ абы: сэ щызгъэтыжмэ, тэджыжын си гугъащ.

- Мэжаджэ пхуэзгъэжьэнщ, - жиІащ фызым.

- Гъажьэ.

Фызым мэжаджэр игъэжьэну тригъэуваш.

Мэжаджэр мыжьэ щІыкІэ, хьэщІэр пщэфІапІэм къыщІыхьащ.

- Жейм уеэзгъыркъэ, ди хьэщІэ? - жиІащ бысымым.

- Зыгуэр сигу къэкІыжащи, сигъэжейркъым, - жиІащ хьэщІэм.

- ЩІалэ зеинщиш си гъунэгъущ сэ. ЗэхэкІын хъурэ, зэшищым сраджащ: «Ди мытІкур тхуэгъэш», - жари. Зы танэ, зы мэз, зы бжэн иІэти, яхуэзгъэшащ. Зэрызгъэшам арэзы техъуакъым зэшхэр, зыр зым ефыгъуэжри, зэщІыхьэжащ. ЩызэщІыхьэжым: «Фызэрегуакіуэщ, сыкъевджэн хуеякъым, си унафэм фыкъыщемыувэлІэнукІэ», - жысІэщ, яхуэзгъэшар зэхэстхъуэжри сакъыхэкІыжащ. Мис мыпхудэущ зэрызэхэстхъуэжар, - жери хьэщІэм пэрыІэбэр къиштащ, жьэгум дэтІысхьэри, мэжаджэмрэ яжьэ пщтырымрэ зэкитхъуащ. - Хуэфащэр есщІакъэ зэшищым?

Ар жери, хьэщІэр унэм ихьжащ.

- Хуэфащэр зраща щыІэмэ, сэращ зращІар, - жиІащ бысымым, хьэщІэр пщэфІапІэм щІэкІыжа нэужь.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Юбилей

Шемякин (Къардэн) Михаил и ныбжьыр илъэс 75-рэ урокъу

Дуней псом щыщІэрыІуэ ди лъэпкъэгъу, КъБР-мрэ Адыгеймрэ я цІыхубэ сурэтыщІ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, скульптор Шемякин (Къардэн) Михаил и ныбжьыр накъыгъэ мазэм и 4-м илъэс 75-рэ ирикъуащ.

ИГъАЩІЭКІИ уи нэгу къыпхущІэмыгъэхьэну щІыпІэхэм адыгэ зэрыщІэм хэдэ дыдэу, умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал иІэкъым дуней псом къыщацІыху цІыху зэчиифІэхэм адыгэлъ ящІэту къызэрыщІэкІыр, хамэ щэнхабзэм хэшыпсыхьу и лъэпкъыжь теплъэр фІэкІуэда нэужьи, «бжьиблкІэ уэ лІэужьжым» гува-щІэхами зыкъызэрыригъэщІэжыр. Апхуэдэ щапхъэхэм язгъэ зи хъыбар мызэ-мытІэу утыку кьитхьа Шемякин (Къардэн) Михаил.

«ЦІыху къызэрыкІуэу пхужьІэнукъым Шемякиныр, ауэ удэлэжьэну щІэщыгъуэщ, къыбгъэдэпхри куэдщ», - къыддэгугъэшат илъэс блэкІам Михаил и унэм иригъэблагъэу зэман кІэщІкІэ зыдэлэжьа, КъБР-м щыщ сурэтыщІ ныбжьыщІэжым я зыр.

ЦІыхур лъагапІэ гуэр нэса нэужь, Іущыгъэ къыжьэдоІукІ. Апхуэдэ уэршэр щхьэпэ хъуауэ щытащ 2016 гъэм Урысейм къэкІуэжа сурэтыщІым журналист цІэрыІуэ Познер Владимир дригъэкІуэкІауэ щыта псалъэмакъыр. Шемякин Михаил а зэхуэзэми къыщыхигъэщащ адыгэм къызэрыжеІар: «Сэ хэкуитІ сиІэщ - инрэ цІыкІурэ. Зы щІыпІэныкъуэкІэ сэ Кавказым сыщыщщ, ар нобэ «модна» дыдэу щымытми. Ауэ сэ интервьюхэм сыт щыгъуи къыщыхьэзгъэщ «Кавказ лъэпкъым къыхэкІа цІыхуу» сызэрыщытыр. Си адэмкІэ си унэцІэ дыдэр Къардэнщ, сыкъэбэрдей адагъэщ. И Іыхьлыхэр революцэм хэкІуэда нэужь, си адэр Шемякин Пётр жьхуаІэ «офицер хужьым» къуэ ищІати, абы и унэцІэр къытхуэнащ».

«Сыт плъагъу мыхъур?» - жиІэри еупщІат журналистыр Шемякиным. «Хэлъэтыншагъымрэ икІагъэмрэ, - къриташ жэуап сурэтыщІым. - ИтІанэ зыгуэр къыщыхэмыхъуліэм деж. А ІуэхумкІэ си сымуслымэну жьпІэ хъунущ, сыту жьпІэмэ, сыт щыгъуи КъурІэным щыщ жьІэгъэр сигу къокІыж: «ФІы псори Алыхьым къыбгъэдэкІ, Іейхэр уэ езым уи лажьэжщ». Къызэмыхъуліэ псори егъэлеяуэ къызохъэлъэкІ, сэ фІэкІа зыри зэрымыкъуэншэр къызгуроІуэри».

ГъащІэм гуауэри гуапэри щызэпылъщ. Илъэс дызэрытым и пэм Шемякиным ипхъу закъуэ Доротея дунейм ехыжащ. И адэм и лъэужьым ирикІуа хъыджэбзри сурэтыщІ къызэрымыкІуэу щытауэ къалъытэ.

Шемякин (Къардэн) Михаил и щхьэгъусэ Сарэ и гъусэу Франджы къэралым щопсэу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Псалъэжьхэр

ФІы зыщІэнур чэнджэщ хуэныкъуэкъым

♦ЦІыхур зэрыдахэр и фэм и закъуэкІэкъым.

♦Іущыр нэрыплъэншэуи жьжьыз мэплъэф.

♦Хьэрэ пэт фІымрэ Іеймрэ зэхэгъэкІыф.

♦ФІы зыщІэнур чэнджэщ хуэныкъуэкъым.

♦Куэд къэзыпсэльми пэж щыжиІэ къохьу.

♦Бжьыр тепхми, выр выуэ къоиэ.

♦ЩурыщІэлъ зыщхъ псори нысащІэкъым.

♦Батырыбжьэм уефэн ипэкІэ ар щІатыр зэгъащІэ.

● Тхыгъэ кІэщІ

Зи чэзур

ри хьэрэкъуакІэ дихуэжащ. Уэсыр джэбын хужьу щІыльъэм къытрилъхьэщ, уаер напэм елхъуэу къиутІыпщщ, псыежахъэм мыл афэхэр ящитІагъэри..., и бий псоми ятекІуа дзэпщу, лъэбакъуэхъуу къзуваш щІымахуэр: «Сэращ зи чэзур!» - жиІэри. ИкІи абы зыри пэпсэлъэжакъым, зыри пэрыуэфакъым, гъатхэр къэсыху. Гъатхэр абы текІуащ хуабагъэ, гуапагъэ защІэкІэрэ. Къузауэ, хуазуэ щІымахуэм иІыгъа псори дыгъэ къарукІэ хуит къищІыжри, дунейр ящІэщыгъуэу игъэбэуэжащ. Арат, гъатхэм и чэзумэ!

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. Жыг зытеуэри ..., пщІащэ зытехуэри ... **7**. Адыгэ бэнакІуэ цІэрыІуэ Махуэ Билал, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и журналистхэу Хьэмту Къадир, Тэтрэкъуэ Астемыр, ди республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Вындыжь Марие сымэ я къуажэ. **9**. Пхъэ уадзшхуэ. **10**. Жэмтхьэлэ къыщыхъуа адыгэ генерал. **11**. Уэлбанэ щымыІэу зэман кІыхь щыдих пъэхьэнэ. **13**. ПамыупщІу гъэ техьа удз. **15**. ЩІыпІэ хуабжэм хъращ пхъэщхьэмыщхьэ. **16**. Мэжджытым хэтщ ... джапІэ. **17**. Псы зыщІэмытых пхъэщхьэмыщхьэ е нэгъуэщІ гуэр. **19**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащІэ. **20**. Арщыдан жьлэм дзт колхозым гъэ къэсыху гъавэ ... кьрихьэлІэрт. **22**. Без гъэзвэжа е ... уэздыгъэ. **24**. Іуэху мыІубло ... хэсщ. **25**. Пхъэ кІапэ. **26**. Зыми имыльэгъуаби, апхуэдэ пэшэгъу зиІэ щІыхубз щыІэу яІуатэ. **27**. Пасэрей зауэлІ джанэ, гъущІ хъарым къыхэщІыкІаеу. **28**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжкІэмкІэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **31**. Зи Іуэ ит нэхъ рэ зи ... ит. **33**. ... щІыкІэ къыумыгъэшмэ, бжэгъу хъуа «ужь упэлъэщыжьыкъым. **34**. ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **36**. Нартыху ... е лъагэу зэтекІута гуэр. **38**. Ди республикэм и щІынальэм щыІэ псыежэх. **40**. Нарт лІыхъужь. **42**. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр дыззырт мазэм зыфІащэ пшынауэ цІэрыІуэ, пшынауэ ныбжьыщІэхэм я гъэсакІуэ. **44**. Жыг закъуэ ... хъуркъым. **45**. АдакъэщІэрэ ... пластэрэ. **46**. ЩоджэнцІыкІу Алий и поэмэм хэт Мадинэ и анэр. **48**. Шатэр тхъуцІынэрэ ерэну зэхэзыгъэкІ Іэмэпсымэ.

Къехьу: **1**. Пластапхъэ. **2**. Анэкъилъху. **3**. «ПсэгъэкъэбзэІ» уэз тхыльри нэгъуэщІ тхылъ зыбжани зи Іэдакъэщ Іэкі усакІуэ, «Нур» журналым и лэжьакІуэ. **4**. ПшаъхъэщІ. **5**. Шыхьэ, бжэныхъэ, ... **6**. ЩІы щхьэфэ тещтыкІа. **8**. Вакъэм иІэ лъэпс иупІэ е джанэбгъэм хэт мет иупІэ. **10**. Анэр - нэм, адэр ... хуэдэщ. **12**. Шы къэпщІэнтІам къыщхьэщих бахъэ. **13**. Цым, цым, цым, ... лъэбыцэжь. **14**. ЦІыху куэдым хьэл Іейуэ яхэлъщ ...-ижэр. **18**. Ди зэманым щІагъэуэ зэрамыхьэж, шырыкъу Іуапщэм дыхьэ гъуэншэдж лІэужьыгъуэ. **20**. Къэушыыпсба гуэр. **21**. А Іым ... зэрына хуэзэрыкъым, итІани къулыкъущІэу ягъэуващ. **22**. Дунейр гъэрыгъуэ ... **23**. ЦІыхубз пшэрыхь ... **29**. ШхэнІэ ... **30**. Ди республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр. **32**. Аруан районым хиубыдэ кьуажэ. **35**. «Дахэнагъуэ» пьесэр зи Іэдакъэщ драматург. **37**. ЩІымахуэм Іэщым хуагъэтІылъ шхынІгъуэ. **39**. БгитІ зэхуаку. **41**. ... пыІэ. **43**. Абы лы палъхьэрэ мафІащхьэм щагъажьэ. **44**. ТхылъымпІэм итыр зэрыпэжьым щыхьэт техьуэ дамыгъэ. **47**. Нартыху хъумапІэ. **49**. Хьэрдей-Балъкъэр драмтеатрым илъэс зыбжанэкІэ щыцджэгуа артист ... Мухьэрбэч. Абы и цІэр зэрехьэ Черкесск къалэм дэт драмтеатрым.

ЗэхэзыгъэкІар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мэлыжьыхьым и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. ХьэлІамэ. **4**. Беслъэн. **7**. Бру. **8**. КІэн. **9**. Къыр. **10**. Тхъурымбэ. **13**. Заул. **15**. Балъкъ. **16**. Егъу. **18**. Бо. **19**. Пхъу. **20**. Шырыкъу. **22**. Къул. **25**. Елгъэр. **26**. Налкъут. **30**. Хьэ. **32**. Зеущэ. **34**. КІэ. **35**. Акъ. **36**. Вы. **37**. Гъэхъуж. **40**. Хьэсы. **41**. ЕсэнТІыгу. **44**. Лыжь. **45**. Джэгу. **46**. Гъудэ. **47**. ДжэгуакІуэ. **48**. ХуэнщІей.

Къехьу: **1**. ХьэкІэзэпх. **2**. Мест. **3**. Кӏуржы. **5**. Ешхэ. **6**. Нарткъалэ. **11**. Хъун. **12**. Бу. **14**. Лей. **15**. Боз. **17**. Гъурц. **20**. Шэрэз. **21**. КъуанщІэ. **23**. Кхъулэ. **24**. Акъужь. **27**. Тхьэгъэлэдж. **28**. Ауэ. **29**. КІэмыргуей. **31**. Таж. **33**. Щыхь. **38**. Ес. **39**. ЛІы. **41**. ЕмыкІу. **42**. Надэ. **43**. ГупкІэ.

● Зы уэрэдым и хъыбар

«Си нэхум сыкъыдофэ»

РСФСР-м и цІыхубэ артист, композитор, зи макъ гуакІуэмкІэ куэдым фІыуэ яІэрэуа, лъэпкъ гъуэзджэр къэІэтыным зи къару, гуащІэ хэзыльхьа Тхьэбысым Умар и зы уэрэд дахэ дыкъытеувыІэщ. Абы и уэрэдхэр щэ бжьгъэкІэ хэлъщ радиоми телевидеэнми я гъэтІылъыгъэхэм икІи зыри яхэткъым дзапэ уэрэд мыхъуа. Си гугъу тщІым и псалъэхэр Балъкъэр Фоусэтщ зейр.

ЗэрыжаІэжымкІэ, Умар зэи темыкІыу зы хьэл хэлъащ: сыт хуэдэ уэрэд имытхами, ар япэу езым имыгъэззщІауэ зыми иритынутэкъым. Хэт ищІэрэ, арауи къыщІэкІынщ занщІэу цІыхубэм ягу щІыдихьэу щытари.

Нобэ Умар и уэрэдхэр зэІэпахыу уэрэджьыІакІуэ куэдым жаІэми, езыр утыкум итыху мащІэщ ахэр зыгъэззщІар. ЩхьэусыгъуэУ иІари гурыІуэгъэщ: игури и псэри етауэ Тхьэбысымыр абыхэм зэрабгъэдыхьэрт.

Хэт ищІэн Балъкъэр Фоусэт мы псалъэхэр итхьн хуей щІэхъуам и щхьэусыгъуэр, ауэ зэрыжаІэщи, «щІалэу щымыта жьы хъуркъым».

КІУНТЫЩ - ХЬЭПЦІЭ Анна,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.



● Лъэпкъ шхыныгъуэр

Шхум хэгъэпцІыхьа хугу гъэлыгъуа

Хугу лъэсар Іэнэм тракІутэри ягъэжэпхъ, итІанэ мыІув дыдэу, зэхэлыгъукІэм щхьэкІэ, шыуанэм ираКІутэри, пэшхьэкум трагъэувэ. МафІэр ешхауэ, чымчыркІэ зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хьуху ягъэлыгъуэ. ИтІанэ тІэу-щэ щІагъэпщ.

Хугу гъэлыгъуар шэ ягъэпщтым хакІутэри, чымчыркІэ зэІащІэурэ къагъавэ. Хугум шэр фІыуэ зыщІифауэ, къэпщауэ, ху бэлам ещхьу щытщ. Шэр хьэкум къытрахыж, ягъэупщІыІу, шхупцІатэ иратри, хуэсакъыуэрэ зэІащІэ, хьэдзэхэр ямыкъутэн, ямыпІытІын щхьэкІэ. ЗэщІауфэжри, пщІэн папщІэ, хуабапІэ ягъэув.

Шху пцІар хуэсакъыуэрэ зэщІах, щІыІапІэ ягъэуври ягъэдий. ЗэрызэщІэлъу фалъэ куум ираКІри, Іэнэм трагъэувэ. Нэхъ щашхыр гъэмахуэ шылэ, нэщІ маззэхэрщ. ЩхьэжьІ зэрыхуейуэ фошыгъу е шыгъу халъхьэ.

Халъхьэхэр: шэ щІэмыхуу - г 3000, хугуу - г 1000, шхупцІатэу - г 150-рэ, шыгъуу, фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым къитхьжащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элдэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ІуэхуцІапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтхэым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекІу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитынымкІэ хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.049 ● Заказ №446